



**MADRASAH IBTIDAIYAH MUHAMMADIYAH  
BLEMBEM  
BLEMBEM, CANDIREJO, SEMIN, GUNUNGKIDUL**

---

**PENILAIAN AKHIR SEMESTER I  
TAHUN PELAJARAN 2023/2024**

Mata pelajaran	: BAHASA JAWA	Hari, Tanggal	:
Nama	:	Waktu	:
No	:	Kelas	: IV ( Empat )

---

**Wacanen kanthi permati !**

**Nonton Sekaten**

Dhek dina Minggu Bima lan Siwi nonton Sekaten diterake bapak lan ibune. Jam wolu esuk wong papat budhal saka omah numpak mobil. Wiwit saka dalam Malioboro Bima wis krungu swara gamelan Sekaten. Tahun iki swara gamelan sekaten pancen disiyarake ngnti sadawaning dalam Malioboro. Tujuane supaya perayaan sekaten taun iki luwih regeng.

Sawise tuku karcis, Bima sakulawarga banjur mlebu ing papaning sekaten. Sekaten iku mapane ana ing Alun – Alun Lor Kraton Yogyakarta. Papan sepisanan sing dituju Mesjid Gedhe, papaning gamelan sekaten. Gamelan diselehake ana panggung cacah loro. Siji ana plataran masjid sisih kiwa, sijine ana plataran masjid sisih tengen. Metu saka Mesjid Gedhe Bima sakulawarga banjur nonton sirkus. Sirkus iku akeh kewan sing duwe kepinteran werna – werna amarga digladhi dening pawange. Rampung nonton sirkus Bima sakulawarga mlaku- mlaku ngubengi alun – alun. Sawise kempt lan wis krasa kesel Siwi banjur ngajak mulih.

*Kapethik Saka Buku Sinau Basa Jawa Gagrak Anyar Kelas IV SD*

**Wenehana tandha ping (X) ing aksara a, b ,c utawa d kang dianggep bener !**

1. Bima lan Siwi nonton Sekaten di terake bapak lan ibune nalika dina....
  - a. Minggu
  - b. Senin
  - c. Selasa
  - d. Rabu
2. Tahun iki pancen swara gamelan disiyarake nganti sak dawaning dalam Malioboro, supaya....
  - a. perayaan sekaten dadi bubrah
  - b. perayaan sekaten tambah apik
  - c. perayaan sekaten tahun iki tambah regeng
  - d. perayaan sekaten ora tambah regeng

3. Sekaten iku mapan ing....
  - a. Alun – alun lor Kraton
  - b. Alun – alun kidul Yogyakarta
  - c. Alun-alun lor Yogyakarta
  - d. Lapangan Yogyakarta
4. Papane Gamelan Sekaten yaiku....
  - a. Mesjid Kauman
  - b. Mesjid Gedhe
  - c. Alun-alun Lor
  - d. Malioboro
5. Sirkus iku isine kewan sing pinter – pinter amarga....
  - a. di sekolahake
  - b. di ajari pawange
  - c. Digladi pawange
  - d. Diajak pawange
6. Gatekna Geguritan iki !

**Tlatah Cengkar**

Alas kang gung liwang liwang kae

Katon mulak mulak tanpa wates

Nanging

Kabeh padha prihatin

Padha ngrerintih

Nangis

Rampung kecukur

Geguritan iku nyritakake....

- a. alas gung liwang liwang
  - b. mulak-mulak tanpa wates
  - c. Alas kang kena mala
  - d. Padha ngerintih
7. Mulak-mulak tegese....
    - a. jembar banget
    - b. dawa banget
    - c. Alas gung liwang liwang
    - d. padhang
  8. Gatekna geguritan iki !

Banyu gedhe angkuh lumaku

Nerjang nunjang palang

Gumrudug nggegirisi

Lumampat saka kali

Irah-irahan kang trep kanggo geguritan ing dhuwur yaiku....

- a. Kali
  - b. Banjir
  - c. banyu langit
  - d. Angin gedhe
9. Wong moco geguritan kudu dirasakake sajroning ati, isi geguritan kang diwaca. Maca geguritan kanthi cara mengkono iku ateges nggatekake babagan....
    - a. Wicara
    - b. Wirama
    - c. wiraga
    - d. wirasa

10. Gatekna tembang iki !

Sekar gambuh ping catur

Kang cinatur polah kang kalantur

Tanpa tutur katula tula katali

Kadaluarsa katutuh

Kapatuh pandadi awon

Gambuh iku kalebu tembang....

- a. dolanan
- b. gedhe
- c. tengahan
- d. macapat

11. Tembang Gambuh ana ...gatra.

- a. 2
- b. 3
- c. 4
- d. 5

12. Sekar gambuh ping catur, kang cinatur polah kang kalantur.

Tembung *cinatur* tegese....

- a. Diaturke
- b. Dicatur
- c. dirembug
- d. ditatur

13. Sekar gambuh ping catur

Kang cinatur polah kang kalantur

Tanpa tutur katula tula....

Terusan tembang Gambung kasebut yaiku....

- a. Cinatur
- b. Kalantur
- c. katula
- d. Katali

14.



Gambar wayang iki arane....

- a. Arjuna
- b. Pandhawa
- c. Puntadewa
- d. Werkudara





15. Werkudara iku satriya ing....

- a. Ngamarta
- b. Madukara
- c. Ngastina
- d. jodipati

16. Arane Pandhawa iku ana 5 yaiku....

- a. Puntadewa, Bima, Werkudara, Nakula, Sadewa
- b. Puntadewa, Janaka, Arjuna, Nakula, Sadewa
- c. Puntadewa, Werkudara, Janaka, Nakula, Sadewa
- d. Bima, Werkudara, Arjuna, Nakula, Sadewa

17. Gambar wayang kang aran Puntadewa yaiku...



18. Dina Pasaran kang diarani Soma manis yaiku dina....

- a. Senin Paing
- b. Senin Pon
- c. Senin Legi
- d. Selasa Legi

19. Dina Rebo legi kuwi neptune ana ....

- a. 10
- b. 11
- c. 12
- d. 13

20. Joko iku lair ing dina Selasa Wage.

Yen miturut dina pasarane laire Joko yaiku....

- a. Respati cemengan
- b. Anggara Kasih
- c. Anggara Manis
- d. Anggara Cemengan

21. Lair ing dina Buda Kasih tegese lair ing dina....

- a. Rabu Pahing
- b. Senin Kliwon
- c. Rabu Kliwon
- d. Kamis Pahing

22. Panganan saka tela kang diolah kanthi digoreng diarani....

- a. lemet
- b. cemplon
- c. cenil
- d. gethuk

23. Panganan tradisional khas Gunungkidul arane....

- a. Gudheg
- b. Thiwul
- c. Tela tela
- d. Cemplon

24. Ibuku lagi gawe masakan kang di arani Gudheg, bahan kanggo gawe Gudheg yaiku....

- a. Tela
- b. Gori
- c. waluh
- d. kluwih

25. Panganan ing gambar diarani ....



- a. Gathot
- b. Thiwul
- c. Cenil
- d. Sawut

26. Pak Guru lagi lungguh karo moco koran.

Basa kramane yaiku....

- a. Pak guru nembe lungguh sinambi maos koran
- b. Pak guru nembe lenggah karo maos koran
- c. Pak guru wis lungguh karo maos koran
- d. Pak guru nembe lenggah sinambi maos koran

27. Bu Wati – peken - nembe – tindak – mawon

Susunan tembung sing bener yaiku....

- a. Bu Wati nembe mawon peken tindak
- b. Bu Wati tindak peken nembe mawon
- c. Bu Wati nembe mawon tindak peken
- d. Tindak peken mawon Bu Wati

28. Sandhangan panyigeg iku diarani ....

- a. cecak
- b. wignyan
- c. layar
- d. wulu



29. Sandhangan swara **wulu** unine....

- a. a
- b. u
- c. i
- d. o

